



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 50 MILYON DOLA KI DISPONIB POU
OGMANTE AKSÈ ETIDYAN YO AK SÈVIS SANTE MANTAL**

Yo pral distribye 10 milyon dola nan distri lekòl ki elijib yo chak ane

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a jiska 50 milyon dola nan finansman ki disponib pou distri lekòl yo pou amelyore aksè etidyan yo ak resous sante mantal epi ede etidyan ki eksperimante twomatiz ki afekte edikasyon yo. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York te fè yon Demann pou Pwopozisyon, ki pral administre pwogram nan.

"Jèn elèv yo te patikilyèman frape di pa pandemi COVID-19 la, sa ki fè y ap souffri pètibasyon nan edikasyon yo, lavi sosyal yo ak aktivite lwazi ak opòtinite yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen tande enkyetid anpil paran ak edikatè konsènan enpak COVID-19 te genyen sou byennèt timoun nou yo. Finansman sa a pral ede asire ke chak elèv ki te eksperimante twomatiz ki te afekte edikasyon yo ka resevwa resous sante mantal nesèsè yo bezwen ak merite."

Yon total jiska 10 milyon dola chak ane pandan senk ane pral disponib epi distribye bay distri lekòl ki elijib yo. Prim yo pa dwe depase 500,000 dola pou chak aplikan chak ane. Finansman kontinyèl apre premye ane a pral depann de rapò alè, pwogrè satisfèzan nan atenn objektif sibvansyon yo chwazi yo, ak disponiblite finansman yo.

Yo pral note pwopozisyon yo, epi yo bay prim pou aplikasyon ki gen plis nòt yo ki satisfè sèy nòt minimòm la jiskaske finansman yo fin epuize oswa jiskaske pa gen okenn aplikasyon ki kapab finanse ki rete.

Pwopozisyon ki elijib yo pral reyalize objektif sa yo:

Amelyore aksè ak sèvis sante mantal: Amelyorasyon anplwaye sante mantal ak itilizasyon yon zouti estandartize pou idantifye bezwen elèv yo, yo tou de se entèvansyon pwouve ki amelyore aksè ak estrateji ak sipò ki adrese sante mantal elèv yo.

Aplike sipò sante mantal entegral: Pwomosyon byennèt ak rezistans nan anviwònman lekòl la enpòtan anpil pou sipòte sante mantal etidyan yo ak fanmi yo, sitou apre pandemi mondyal la.

Ranfòse patenarya ak sipò ki egziste deja nan sistèm sante mantal la ansanm ak pi gwo sistèm pou sèvi timoun yo: Amelyore kowòdinasyon ant anplwaye lekòl yo ak founisè kominotè yo epi idantifye resous andedan ak deyò lekòl yo pèmèt edikatè yo konprann tout seri sèvis ki disponib yo epi asire etidyan yo ak fanmi yo gen aksè ak tout seri sipò/sèvis yo bezwen.

Plis enfòmasyon sou [Demann pou Pwopozisyon yo disponib sou sitwèb OMH la](#).

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Lè nou agrandi ak amelyore resous sante mantal nan lekòl nou yo, nou te kapab ogmante anpil aksè ak sèvis pou timoun ak fanmi yo. OMH te envesti anpil resous pou timoun ak jèn ke lavi yo tèt anba akòz pandemi COVID-19 la, epi ki kounye a afekte pa enkyetid, depresyon ak twomatiz. Finansman Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral ede nou amelyore aksè etidyan yo ak resous sante mantal yo, epi sipòte etidyan nou yo ansanm ak fanmi yo."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Menm anvan COVID-19, enkyetid sante mantal etidyan yo te nan premye plan nan pwoblèm ofisyèl lekòl yo, paran yo ak moun ki gen enterè yo te souve nan tablewonn rejyonal nou te òganize yo atravè eta a. Pandemi a te sèlman agrave bezwen sa yo. Mwen kontan dèske yo pral distribye fon yo atribye pou inisyativ enpòtan sa a kounye a nan distri yo atravè eta a, pou ede etidyan yo rezoud pwoblèm sante mantal enpòtan yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)